

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa salasahiji cara nu digunakeun pikeun meunangkeun data nu diperlukeun dumasar kana strategi, prosés jeung pamarekan dina milih jenis, karakteristik, sarta diménsi ruang jeung waktu tina data nu diperlukeun (Sudjana, 2011, kc.52). Nu dimaksud strategi nyaéta pamarekan nu gembeng nu patali jeung lumangsungna kagiatan, jeung rarancang dina hiji aktivitas dina kurun waktu anu tangtu. Éta pamadegan téh méh sarua jeung pamadegan Sugiyono (2015, kc. 2), yén nu disebut métode panalungtikan dina enas-enasna mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data nu ngabogaa tujuan jeung kagunaan nu tangtu.

Ari métode panalungtikan téh wangunna aya dua nyaéta métode kualitatif jeung kuantitatif. Nu disebut métode kuantitatif nyaéta métode nu data panalungtikannana mangrupa angka-angka jeung analisisna ngagunakeun statistik. Sedengkeun nu dimaksud métode kualitatif nyaéta métode naturalistik, sabab panalungtikanna dumasar kana kondisi alamiah (Sugiyono 2015, kc. 7-8).

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 15), métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode anu dumasar kana falsafah *postpositivisme*, dipaké pikeun nalungtik kondisi objék anu alamiah, dimana nu nalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikannana, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (*gabungan*), analisis data miboga sifat induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih condong kana *makna* tibatan *generelisasi*.

Métode deskriptif mangrupa hiji métode panalungtikan nu aya dina métode kualitatif. Nu dimaksud métode deskriptif téh nyaéta métode nu mibanda tujuan pikeun méré gambaran ngeunaan realitas kana objék nu ditalungtik sacara objéktif tur diébréhkeun aspék-aspék nu jadi puseur perhatian panalungtikanna.


Ieu métode mangrupa istilah nu umum nu ngawengku rupa-rupa tehnik déskriptif. Nu dimaksud panalungtikan kalawan maké téhnik déskriptif téh nyaéta

ngawengku panalungtikan nu ngajéntrékeun, nganalisis, jeung ngelompokeun kalawan tehnik survéy, téhnik interview, angkét, téhnik wawancara, jeung observasi. Dina ieu panalungtikan anu didéskripsikeun nyaéta éksistensi tatanén nyawah di Desa Sukadana Kecamatan Pagerageung Kabupaten Tasikmalaya, prak-prakan molah sawah ti mimiti mitembeyan nepika panén, alat-alat anu di gunakeun nalika molah sawah, sistem waktu dina nyawah jeung larapan pikeun bahan pangajaran di SMA.

3.1 Desain Panalungtikan

Sangkan panalungtik miboga acuan dina ngalaksanakeun panalungtikan, ku kituna kudu aya desain atawa rancangan panalungtikan. Nurutkeun Sukardi (2013, kc. 68), desain atawa rarancang panalungtikan mangrupa wincikan ngeunaan prosés panalungtikan nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun hiji pasualan. Desain panalungtikan ilaharna mangrupa komponén-komponén panalungtikan nu sacara *komprensif* ngagambarkeun runtuyan prak-prakan nu kudu dilaksanakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan.

Desain panalungtikan nu dilaksanakeun ngawengku prosés-prosés saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan.

3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan



Gambar 3.1 Lokasi Panalungtikan.

Trismayanti, 2019

ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA
Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan tatanén nyawah nyaéta Désa Sukadana Kecamatan Pagerageung Kabupaten Tasikmalaya.

Sacara geografis Désa Sukadana Kecamatan Pagerageung aya antara 7°02' 29" - 7°49' 08" Lintang Selatan serta 107°54' 10" - 108°25' 52" Bujur Timur. Sedengkeun dumasar topografi, Desa Sukadana kaasup daérah pegunungan nyaéta 600-900 mdpl. Jarak ti puseur kota ka Désa Sukadana kurang leuwih 50 Km. Lega wilayah 345,256 Ha nu ngawengku 213,106 Ha *perumahan*, 94,5 Ha sawah jeung 37, 650 Ha kebon. Wates-wates Désa Sukadana nyaéta beulah kaler Desa Guranteng Kecamatan Pagerageung, beulah wetan Désa Puteran Kecamatan pagerageung, beulah kidul Désa Sukamaju Kecamatan Pagerageung jeung eulah kulon Désa pagerageung.

Sacara *administratif* Désa Sukadana Kecamatan Pagerageung Kabupaten Tasikmalaya kabagi jadi 3 kapunduhan, 8 Rukun Warga (RW), jeung 18 Rukun Tetangga (RT), kalawan jumlah jalma nu aya di Désa Sukadana aya 3.678 urang.

3.2.2 Kondisi Sosial Budaya Masyarakat Desa Sukadana

1) Penduduk

Désa Sukadana Kecamatan Pagerageung Kabupaten Tasikmalaya kabagi jadi 3 kapunduhan, 8 Rukun Warga (RW), jeung 18 Rukun Tetangga (RT), kalawan jumlah jalma nu aya di Désa Sukadana aya 3.678 urang. Sacara rinci bisa katiten dina tabel ieu di handap.

Tabel 3.1
Jumlah Penduduk Désa Sukadana.

No	Nama Dusun	Jumlah RW	Jumlah RT	Jumlah Penduduk
1.	Ambarayah	3	6	1.462
2.	Cimanglid	4	8	1.414
3.	Cikijing	1	4	802
Jumlah				3.678

(Arsip Désa taun 2018)

Trismayanti, 2019

ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA
Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Atikan

Di jaman kiwari atikan miboga peran anu kacida penting pikeun kahirupan manusa, dina dasarna manusa dina ngalakonan kahirupana teu leupas tina atikan nu miboga fungsi pikeun ningkatkeun kualitas diri manusa. Tapi kanyataanna, loba kénéh masarakat nu poék pamikiranna kana pentingna atikan. Contona di Désa Sukadana miboga tingkat atikan nu beda-beda. masarakat di Désa Sukadana mayoritas masarakatna ukur lulusan SD éta hal bisa disababkeun ku sababaraha faktor, di antarana faktor ékonomi masarakat anu masih kénéh kurang. Bisa katitén sacara rinci saperti dina tabel ieu di handap.

Tabel 3.2

Jumlah Penduduk Dumasar Tingkat Atikan.

No	Atikan	Jumlah Penduduk
1.	Can sakola	268
2.	TK	366
3.	SD/MI satata	1.834
4.	SMP/MTs satata	695
5.	SMA/SMK satata	488
6.	D3	5
7.	S1	22
Jumlah		3.678

(Arsip Désa taun 2018)

3) Agama

Agama nu agem ku masarakat Désa Sukadana nyaéta agama Islam. Dina ngalaksanakeun ibadahna di unggal Dusun, masarakat miboga sababaraha masjid, mushola jeung madrasah tempat ngalaksanakeun pangajian atawa tempat barudak diajar ngaji.

Trismayanti, 2019

ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA
Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabel 3.3
Jumlah Penduduk Dumasar Kana Agama.

No	Agama	Jumlah
1.	Islam	3.678
2.	Kristen Katolik	-
3.	Kristen Protestan	-
4.	Hindu	-
5.	Budha	-
6.	Kapercayaan Séjén	-
Jumlah		3.678

(Arsip Désa taun 2018)

4) Pakasaban

Loba pisan pakasaban di masarakat pikeun nyumponan sagala kabutuhan sapopoéna. Dina budaya Sunda aya sistem pakasaban anu sifatna tradisional saperti kagiatan moro sato di leuweung, ngangon sasatoan, tatanén, jeung dagang (Kusumawati, 2016, kc. 90).

Di wewengkon Tasikmalaya utamana Désa Sukadana Kecamatan Pagerageung loloban masarakat nu pakasabanna dina widang tatanen, utamana nyawah. Masarakat ngandelkeun panghasilan tina hasil nyawah pikeun nyumponan kabutuhan hirupna sapopoé. Ieu hal alatan kaayaan wilayah Désa Sukadana anu mangrupa kebon jeung sawah. Sumber daya alam nu aya di ieu wilayah dimangpaatkeun tur dijadikeun lahan pikeun melak tutuwuhan di antarana paré jeung palawija. Lian ti éta, aya ogé masarakat anu miboga pagawéan salaku tukang dagang, tukang ngaput, tukang kai, tukang ojég, TKI/TKW, seniman, PNS, POLRI jeung sajabana. Saperti nu katitén dina tabel ieu di handap.

Tabel 3.4
Jumlah Penduduk Dumasar Pakasaban.

No	Pakasaban	Jumlah
1.	Patani	135
2.	Buruh Tani	1.133
3.	Tukang Dagang	515
4.	Tukang Ngaput	8
5.	PNS	6

Trismayanti, 2019

ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA
Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Pakasaban	Jumlah
6.	Guru Honorer	7
7.	Pengusaha	45
8.	Buruh	70
9.	Tukang Kai	2
10.	POLRI	3
11.	Pangsiunan PNS	7
12.	Pangsiunan BUMN	5
13.	Tukang Ternak	24
14.	Pengrajin	2
15.	Montir	5
16.	Supir	9
17.	Tukang Ojeg	12
18.	Ustad	10
19.	Bidan	2
20.	Seniman	15
21.	Politikus	4
22.	TKI/TKW	5
23.	Pegawai Swasta	15
Jumlah		2.180

(Arsip Désa taun 2018)

5) Basa

Basa anu digunakeun ku masarakat Désa Sukadana nyaéta basa Sunda. Sanajan aya sababaraha urang masarakat nu asalna lain urang Sunda atawa pindahan. Tapi dina komunikasi sapopoé masih ngagunakeun basa Sunda salaku alat komunikasi sapopoé naluyukeun jeung basa nu dipake ku masarakat sabudeureun.

6) Sistem Kapercayaan Masyarakat

Sistem kapercayaan sakabéh masarakat Désa Sukadana nyaéta percaya kana ajaran Islam. Bisa katitén tina kabiasaan masarakat dina unggal bulan ngalaksanakeun pangajian rutin. Lian ti éta masarakat ngayakeun pangajian ungal poé Jumaah di masjid ogé madrasah sok pinuh ku barudak nu dialajar ngaji jeung nungtut élmu kaagamaan unggal tas sholat subuh jeung tas sholat asar nu dituluykeun deui ti tas maghrib nepi ka isya.

Sok sanajan kitu, teu saeutik para sesepuh anu masih kénéh nyekel pageuh tradisi para karuhunna, saperti nyeungeut menyan dina waktu-waktu nu tangtu,

Trismayanti, 2019

ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA

Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyadiakeun sasajén dina acara-acara ritual saperti dina acara sunatan, nikahan, jeung ngalaksanakeun ritual nalika rék panén di sawah. Luyu jeung ajaran agama Islam, kabiasaan-kabiasaan para sesepuh téh dipatalikeun jeung ajaran agama Islam nyaéta dina babacaanna ogé sok maca lafadz-lafadz ayat suci Al-Qur'an. Tujuan dilakukeun éta kagiatan ogé lain deui ngan keur para karuhun, tapi geus ditujukeun ngan ukur ka Gusti Nu Maha Suci nyaéta Alloh Swt. pikeun ménta kalancaran, kasalametan, jeung dijauhkeun tina balai. Nalika aya hal-hal anu teu luyu jeung ajaran islam masarakat ngaggap saukur ngajaga kabiasaan-kabiasaan nu di turunkeun ku karuhun sangkan teu kakeunaan ku balai.

7) **Sistem Kekeabatan Masyarakat**

Sistem kekeabatan masarakat di Désa Sukadana nu kasebut hadé lain ngan saukur jeung dulur saturunan wungkul atawa jeung dulur nu saindung sabapa tapi masarakatna rukun jeung tatangga, bisa disebut silih asah, silih asih jeung silih asuh, nu hartina masarakat masih nyekel kabiasaan gotong royong. Katitén nalika aya salasahiji warga anu nyieun imah masarakat sok hideng ngabarantuan teu kudu di titah, anu lalakina mantuan ku tanaga atuh anu awewena mantuan méré suguha ka nu di garawé. Lian ti éta nalika aya nu hajatan warga anu deukeut sok ngabarantuan silih tulungan boh tanaga boh waragadna jeung saupama aya masarakat nu kurang mampu sok dibéré silih ganti.

Lian ti kagiatan anu sifatna pribadi, warga ogé babarengan gotong royong dina kagiatan nu aya mangpaatna pikeun kapentingan umum, misalna dina memener susukan, nyieun jalan atawa gang-gang, jeung nalika nyieun masjid. Dina ngajaga kaamanan kampung, masarakat sok ngayakeun ronda unggal peuting pikeun ngajaga kaamanan sangkan masarakat teu kapalingan, biasana ngajagaana sacara giliran jeung warga séjén. Unggal RT miboga pos ronda, masarakat anu kabagi ronda sok kumpul di pos ronda biasana dilakukeun ku lalaki. Kagiatan séjén anu di lakukeun ku masarakat Désa Sukadana nyaéta nalika molah sawah, masarakatna sok silih bantuan ti mimiti macul nepika panén sanajan di jaman kiwari so kaya buruhna jang nu mantuan hususna nalika macul, ngarambet, tandur jeung panén lian ti di buruhan, nu mantuan digawé biasana dibéré dahar jeung dibekelan dahareun ka imahna ku nu boga sawah.

Trismayanti, 2019

*ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA*
Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

8) Sistem Organisasi Sosial

Sistem organisasi sosial dimasyarakat Désa Sukadana miboga tujuan salaku wadah pikeun partisipasi masarakat dina mekarkeun kamajuan masarakat jeung Désana. Sistem organisasi sosial anu masih kénéh aktip di antarana pamaréntahan désa, dusun, RT, RW, BPD, LPM, MUI désa, Karang Taruna, PKK, kelompok tani, kelompok ternak, sarta partai pulitik.

Tabel 3.5
Jumlah Lembaga / Organisasi Taun 2018.

No	Jenis Lembaga/Organisasi	Jumlah Lembaga/Anggota
1.	BPD	5
2.	LPM	7
3.	MUI Désa	3
4.	PKK	17
5.	Linmas	24
6.	Karang Taruna	9
7.	BUMDES	1
8.	Posyandu	15
9.	Polindes	3
10.	RT	18
11.	RW	8
12.	Kelompok Tani	8
13.	Gapoktan	1
14.	DKM	6
15.	Organisasi Olahraga	5
16.	Partai Politik	3

(Arsip Désa taun 2018)

3.2.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data diwengku ku dua unsur nyaéta partisipan jeung tempat panalungtikan. Arikunto (2013, kc. 172), nétélakeun yén sumber data panalungtikan nyaéta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu hal nu ngawengku: Jalma (*person*), nyaéta sumber data anu bisa méré data mangrupa

Trismayanti, 2019

ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA

Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét, tempat (*place*), nyaéta sumber data anu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing misal rohangan, kelengkapan alat, wujud barang, warna, jrrd. Sedengkeun kaayaan gerak misal aktivitas, ritme, gerak tari, kagiatan diajar-ngajar, jrrd. Kaayaan cicing atawa gerak mangrupa objék pikeun métode obsérvasi. Kertas atawa dokumen (*paper*), nyaéta sumber data anu ngébréhkeun tanda-tanda mangrupa angka, huruf, gambar, atawa simbol-simbol séjénna.

- 1) Sumber data nu mangrupa jalma (*person*) nyaéta tokoh masarakat atawa sesepuh masarakat, patani, buruh tani, kepala Désa Sukadana, *pengusaha* béas.

Tabel 3.6
Data Informan.

Foto	Data Informan
	<p>Wasta : Awan Gunawan S.Ag. Yuswa : 70 Taun Jenis Kelamin: Lalaki Pakasaban : Pagawé Désa Sukadana (pupuhu) Padumukan : Tasikmalaya Atikan : S1</p>
	<p>Wasta : Endang Kurnia Yuswa : 36 Taun Jenis Kelamin: Lalaki Pakasaban : Buruh Tani Padumukan : Tasikmalaya Atikan : SMP</p>
	<p>Wasta : Kunjang. Yuswa : 51 Taun Jenis Kelamin : Lalaki Pakasaban : Pengusaha Béas Padumukan : Tasikmalaya Atikan : SMA</p>
	<p>Wasta : Rohendi Yuswa : 47 Taun Jenis Kelamin: Lalaki Pakasaban : Buruh Padumukan : Tasikmalaya Atikan : SD</p>

Trismayanti, 2019

ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA

Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Sumber data nu mangrupa tempat (*place*) nyaéta di Désa Sukadana nu lega wilayah 345,256 Ha nu ngawengku 213,106 Ha *perumahan*, 94,5 Ha sawah jeung 37,650 Ha kebon. Wates-wates Désa Sukadana nyaéta beulah kaler Desa Guranteng Kecamatan Pagerageung, beulah wetan Désa Puteran Kecamatan pagerageung, beulah kidul Désa Sukamaju Kecamatan Pagerageung jeung eulah kulon Désa pagerageung.
- 3) Sumber data nu mangrupa kertas atawa dokumen (*paper*) nyaéta buku-buku nu pakait jeung sistem tatanén sacara tradisional, sajarah pajajaran sarta gambar-gambar nu mangrupa alat-alat nu digunakeun nalika molah sawah jeung cara molah sawah ti mimiti mitembeyan nepi ka panén.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2015 kc, 309), nétélakeun dina panalungtikan kualitatif, ngumpulkeun data dilakukeun dumasar kana *natural setting* (kaayaan alamiah), sumber data primer, jeung téhnik ngumpulkeun data leuwih loba dina obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka nyaéta téhnik ngumpulkeun data tulisan pikeun referensi dina hasil panalungtikan. Dina ieu panalungtikan buku nu jadi sumber referensi diantaranya buku sajarah pajajaran, buku ngeunaan system pertanian tradisional sunda, peperenian, buku kabudayaan Sunda, buku kabudayaan Indonesia, buku adat istiadat Sunda, jrrd.

2) Téhnik Obsérvasi

Obsérvasi dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik obsérvasi *partisipatif* nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 64) yén dina ieu obsérvasi, panalungtikan kalibet kana kagiatan sapopoé atawa anu digunakeun minangka sumber data panalungtikan. Bari ngalakukeun panalungtikan, panalungtik ilubiung jeung anu dilakukeun kusumber data ogé ngarasakeun amis peuheurna. Sedengkeun nurutkeun Purwanto (dina Basrowi 2008, kc 93-94) nétélakeun yén observasi

Trismayanti, 2019

**ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA
Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu**

nyaéta métode atawa cara-cara nganalisis jeung ngalakukeun *pencatatan* sacara sistematis ngeunaan laku lampah ku cara nitéan atawa nalungtik hiji individu atawa kelompok sacara langsung.

Basrowi (2008, kc. 99) ngabédakeun observasi jadi opat, nyaéta *observasi terbuka, observasi terfokus, observasi terstruktur, jeung observasi sistematis*.

a) *Observasi Terbuka*

Observasi terbuka bisa dimimitian ku pikiran anu kosong, jadi panalungtik kudu bisa nga-improvisasi dina ngarékam "*tonggak-tonggak penting*" kaayaan nu kapanggih di lingkungan masarakat sosial.

b) *Observasi Terfokus*

Observasi terfokus mangrupa salah sahiji jenis observasi anu sacara *spesifik* miboga rujukan kana rumusan masalah jeung téma panalungtikan. Salasahiji puseur observasina nyaéta diménsi-diménsi tina proses sosial kaagamaan, budaya, tradisi, atawa fenoména sosial séjénna.

c) *Observasi Tersruktur*

Ieu observasi bisa katitén tina ayana *tindakan* ngarékam data sacara *terstruktur* jeung rinci. Misalna, panalungtik ngalakukeun observasi ka masarakat salobalobana kalayan ngagunakeun padoman observasi anu tangtu.

d) *Observasi Sitematik*

Observasi sistematis dilaksanakeun sacara leuwih sistematis. Panalungtik ngakatégorikeun kamungkinan tina wangun atawa jenis data observasi sacara terstruktur.

3) **Téhnik Wawancara**

Dina ieu panalungtikan perlu ngagunakeun téknik wawancara pikeun meunangkeun sumber data anu lengkep ti sababaraha narasumber. Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 72), yén wawancara digunakeun minangka téhnik ngumpulkeun data nalika panalungtik hayang ngalakukeun studi pendahuluan pikeun manggihan pasualan anu kudu ditalungtik, tapi ogé nalika panalungtik hayang mikanyaho hal-hal ti responden sacara nyosok jero.

Estenberg (dina Sugiyono, 2015, kc. 233) ngébréhkeun sababaraha jenis wawancara nyaéta *wawancara terstruktur, semiterstruktur, jeung tidak terstruktur*.

Trismayanti, 2019

ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA

Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

a) *Wawancara Terstruktur (Structured interview)*

Wawancara terstruktur digunakeun minangka téhnik pikeun ngumpulkeun data, nalika panalungtik atawa pengumpul data geus maluruh data atawa informasi anu rek dicangking. Ku lantaran kitu dina ieu téhnik, panalungtik geus nataharkeun instrumén panalungtikan mangrupa patalékan-patalékan anu ditulis sarta *alternative* jawabanana ogé geus ditataharkeun ti anggalna.

b) *Wawancara Semistruktur (semistructure interview)*

Ieu jenis wawancara geus kaasup kana katégori *in-dept interview*, dimana dina ngalaksankeun panalungtikan sipatna leuwih bébas dibandingkeun jeung wawancara terstruktur.

c) *Wawancara tidak Terstruktur (unstructured interview)*

Wawancara tidak terstruktur nyaéta wawancara anu bébas, nu hartina panalungtik henteu ngagunakeun padoman wawancara anu disusun sacara sistematis jeung lengkep pikeun ngumpulkeun data nu dibutuhkeun

4) **Téhnik Dokuméntasi**

Téhnik dokuméntasi mangrupa cara pikeun meunangkeun data dina wangun gambar kayaning foto, sketsa, atawa dina wangun karya saperti patung, film, jeung sajabana.

Basrowi (2008, kc. 158) nétélakeun yén studi dokuméntasi mangrupa salasahiji cara pikeun ngumpulkeun data anu hasilna mangrupa catetan-catetan penting nu patali jeung masalah anu di talungtik. Ieu téhnik bakal nyangking data anu lengkep jeung miboga sifat anu pasti atawa henteu dumasar kana hasil ngira-ngira.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Sugiyono (2015, kc. 222) nétélakeun yén dina panalungtikan kualitatif, anu jadi instrumén atawa pakakas panalungtikan nyaéta panalungtikna sorangan. Sedengkeun Nasution nétélakeun yén instrumén dina panalungtikan kualitatif nyaéta:

"dalam penelitian kualitatif, tidak ada pilihan lain daripada menjadikan manusia sebagai instrumen penelitian utama. Alasannya ialah bahwa, segala sesuatu belum mempunyai bentuk

Trismayanti, 2019

ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA
Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

yang pasti. Masalah, fokus penelitian, prosedur penelitian, hipotesis yang digunakan, bahkan hasil yang diharapkan, itu semuanya tidak dapat ditentukan secara pasti dan jelas sebelumnya. Segala sesuatu masih perlu dikembangkan sepanjang penelitian itu. Dalam keadaan yang serba tidak pasit dan tidak jelas itu, tidak ada pilihan lain dan hanya peneliti itu sendiri sebagai alat satu-satunya yang dapat mencapainya" (Sugiyono, 2015, kc. 223).

Sangkan leuwih gampang maluruh data nu dibutuhkeun pikeun nyusun laporan panalungtikan, dina ieu panalungtikan ngagunakun intrumén pangrojong saperti nu ditataan ieu di handap.

1) Kaméra *Digital*

Kaméra *Digital* nyaéta salah sahiji pakakas dokuméntasi nu bisa ngahasilkeun poto atawa gambar (*visual*) jeung vidio (*audio visual*). Ieu pakakas digunakeun ku panalungtik salian ti pikeun nyangking data panalungtikan, ogé hasilna bisa dijadikeun bukti panalungtikan boh dina nalika lumangsungna kagiatan tatanén boh nalika wawancara.

2) *Handphone*

Handphone mangrupa salasahiji alat nu digunakeun panalungtik dina ngalakukeun wawancara jeung narasumber nu biasa molah sawah, data nu di cangking bisa dijadikeun bukti pikeun panalungtik dina ngadeskripsikeun hasil panalungtikan dumasar kana *informasi* anu nyata.

3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik sangkan bisa museur kana pertanyaan-pertanyaan nu penting tur henteu kaliwat. Ku ayana pedoman wawancara prosés panalungtikan bisa leuwih éfektif utamana dina masalah waktu. Pedoman wawancara nu digunakeun pikeun panalungtikan baris katitén tina ieu tabel di handap.

Tabel 3.7
Biodata Informan jeung Daftar Patalékan.

Instrumén I

No	Biodata Informan	
1.	Waktu Wawancara	
2.	Wasta	
3.	Yuswa	
4.	Jenis Kelamin	
5.	Atikan	
6.	Pakasaban	
7.	Padumukan	

Instrumen II

No	Indikasi	Patalekan
1	Prak-prakan	Istilah naon waé nu aya dina cara molah sawah?
		Alat naon waé anu masih kénéh dipaké?
		Aya sabaraha jenis paré nu sok dipelak di sawah?
		Jenis hama naon waé nu sok ngaruksak sawah?
		Naon sababna kagiatan anu ngandung keneh unsur kabudayaan masih dipaké ?
		Kumaha cara nangtukeun nalika rék ngamimitian nyawah?
2	Tujuan & mangfaat	Naon tujuanna ieu masarakat masih ngagunakeun cara tatanén tradisional?
		Naon mangpaatna tina tatanén nu ngagunakeun cara tradisional?
3	Rutinitas	Naon waé kagiatan nu dilakukeun nalika ngamimitian nyawah?
		Naon waé pakakas nu dipakén nalika nyawah?
		Naon waé kagiatan anu dipersiapkeun nalika rék panén?
		Dina sataun sabaraka kali panén?
		Dikamanakeun pare hasil tina panén?
		Ku sabaraha urang biasana ngalakukeun unggal kagiatan dina nyawah?

Trismayanti, 2019

**ISTILAH TRADISI TATANÉN NYAWAH DI DÉSA SUKADANA KECAMATAN PAGERAGEUNG
KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL DI SMA**

Unuversitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4 Téhnik Ngolah Data

Data-data nu geus kacangking tuluy diolah dumasar kana téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Niténan data nu geus kakumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data hasil panalungtikan nu nuduhkeun prak-prakan jeung pakakas nu di paké dina kagiatan nyawah, babagian waktu jeung eksistensina.
- 3) Ngadéskripsikeun data anu mangrupa prak-prakan jeung pakakas nu di paké dina kagiatan nyawah, babagian waktu jeung eksistensina tur larapna pikeun bahan pangajaran maca artikel.
- 4) Nyieun kacindekan tina hasil data nu geus kapaluruh

3.5 Téhnik Analisis Data

Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 335), téhnik analisis data nyaéta prosés ngaguar jeung nyusun sacara sistematis data anu geus dikumpulkeun ngaliwatan hasil wawancara, catetan lapangan, jeung dokuméntasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori, *unit-unit*, ngalakukeun *sintesa*, nyusun kana pola, milih mana nu penting jeung nyieun kacindekan. Analisis data dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Niténan data nu geus kakumpulkeun.
- 2) Milah-milah data dumasar (eksistensi, prak-prakan, jrung pembagian waktu nalika molah sawah).
- 3) Nganalisis data dumasar (eksistensi, prak-prakan, jrung pembagian waktu nalika molah sawah).
- 4) Ngadéskripsikeun data luyu jeung udagan panalungtikan.
- 5) Nyusun bahan pangajaran maca artikel di tingkat SMA kelas XII
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan tatanén nyawah.